

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, Tradisi Ngagédog kaasup kana tradisi tujuh bulanan nu masih lumaku di Désa Parungséah Kecamatan Sukabumi Kabupatén Sukabumi. Tradisi Ngagédog nyaéta tradisi nu dilaksanakeun pikeun ngabenerkeun jeung netepkeun posisi orok nu aya di jero beuteung saupama geus nincak kana yuswa kandungan tujuh bulan. Dumasar kana asal-usulna, ngagédog asal kecap tina *gédog* nu miboga harti pagawéan indung beurang narik tungtung karémbong ka luhur ka handap anu disesepkeun ka handapeun nu reuneuh bari dijungjung-jungjung supaya jabang bayi nu geus malik cicingna bener. Udagan tina ngalaksanakeun Tradisi Ngagédog nyaéta pikeun meuneurkeun posisi orok dina jero beuteung saupama posisinya masih teu acan leres atawa posisinya masih sungsang. Ku ngaliwatan ngagédog, éta posisi orok baris dibebener sangkan posisi sirahna aya di handap tur sabada éta baris ditetepkeun posisinya sangkan henteu muter atawa robah deui. Tradisi Ngagédog mangrupa tradisi nu diwariskeun ti kolot baheula nu kudu dijaga sangkan henteu leungit ku jaman. Tradisi Ngagédog diturunkeun ti generasi ka generasi saterusna sacara lisan. Anapon jelema nu baris nuluykeun jeung mingpin ieu Tradisi Ngagédog nyaéta indung beurang. Kiwari, indung beurang nu baris neruskeun Tradisi Ngagédog di Désa Parungséah geus asup kana generasi ka opat.

Runtuyan kagiatan dina Tradisi Ngagédog ngawengku *pra* kagiatan, prak-prakan kagiatan, jeung sabada kagiatan. Tahapan dina *pra* kagiatan nyaéta aya ngolah 1) rujak kanitrén, jeung 2) nataharkeun properti. Dina ngolah rujak kanitrén, bahan-bahan nu dipaké ngawengku bungbuahan jeung beubeutian nu lobana minimal aya tujuh rupa, sarta bungbuahan nu kudu aya dina olahan rujak kanitrén nyaéta buah dalima. Tahapan dina prak-prakan kagiatan nyaéta 1) do'a hadiah, 2) meuseul, 3) ngagédog, 4) mandi, 5) adus goib, 6) meupeuskeun endog, 7) nyiraman, 8) sawér, 9) meupeuskeun kalapa, 10) nuruban awak ku sinjang. Tahapan dina sabada kagiatan nyaéta ngabagikeun rujak kanitrén jeung benang katut jarumna.

Properti nu dipaké dina Tradisi Ngagédog kabagi jadi dua, nyaéta properti pikeun nyieun rujak kanitrén, jeung properti nu dipaké dina prak-prakan Tradisi Ngagédog. Properti nu dipaké pikeun nyieun rujak nyaéta 1) péso, 2) parudan gangsor, 3) lulumpang, 4) halu, 5) baskom plastic, 6) jolang, 7) coét, 8) mutu, 9) blénder, 10) mangkok, 11) téplon, 12) kompor, 13) sosodét kai, 14) panci, jeung 15) saringan. Sedengkeun properti nu dipaké dina prak-prakan Tradisi Ngagédog nyaéta 1) sinjang, 2) tiung bodas, 3) buyung. 4) gayung batok, 5) cai kembang, 6) endog hayam kampung, 7) kalapa nu dibutik, 8) minyak kletik, 9) *body lotion*, 10) benang katut jarum, jeung 11) duit koin. Sakabéh properti dipaké pikeun ngarojong lumangsungna Tradisi Ngagédog. Sedengkeun bahan rujak kanitrén nu dipaké dina Tradisi Ngagédog aya 30 rupa.

Dumasar hasil panalungtikan, unsur sémiotik nu kapaluruh dina Tradisi Ngagédog kapanggih 24 tanda nu ngandung harti tur kabagi dumasar kana ikon, indéks, jeung simbol. Ikon nu kapaluruh jumlahna aya 5, ngawengku benang jeung jarum, rujak kanitrén, buah dalima, indung beurang, jeung awéwé nu keur ngandeg. Indéks nu kapaluruh jumlahna aya 8, ngawengku do'a hadiah, meuseul, ngagédog, adus goib, nyiraman, sawér, warn acai rujak kanitrén, jeung aturan yuswa kandungan tujuh bulan. Simbol nu kapaluruh jumlahna aya 11, ngawengku endog hayam kampung, cai kembang, tiung bodas, buah dalima, kalapa, sinjang tujuh, duit sawéran, adus goib, meupeuskeun endog, meupeuskeun kalapa, jeung nuruban awak ku sinjang.

Ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di sakola. Dumasar kana kriteria milih bahan ajar, Tradisi Ngagédog bisa dijadikeun alternatif bahan ajar sabab ngawengku udagan anu hayang dihontal, dianggap miboga ajén pikeun kahirupan manusa, dianggap miboga ajén minangka warisan entragan saméméhna, aya mangpaatna pikeun ngawasa hiji paelmuan, sarta luyu jeung pangabutuh katut minat siswa. Ku kituna, Tradisi Ngagédog bisa dijadikeun bahan alternatif pikeun pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

5.2 Implikasi

Tradisi Ngagédog miboga mangpaat nu kawilang gedé pikeun kalancaran prosés lahiran, hususna ka awéwé nu keur ngandeg tur miboga bangbaluh ngeunaan posisi orok nu teu acan leres atawa masih kénéh sungsang. Ku kituna, hasil tina ieu panalungtikan dipiharep ngeuyeuban pangaweruh masarakat umum ngeunaan tradisi tujuh bulanan nu aya di tatar sunda. Ieu panalungtikan ogé medar ngeunaan unsur sémiotik dina Tradisi Ngagédog nu miboga udagan pikeun méré pangaweruh ka masarakat ngeunaan ma'na-ma'na nu nyangkaruk dina Tradisi Ngagédog. Salian ti éta, ieu panalungtikan minangka panalungtikan nu leuwih teleb ngeunaan tradisi tujuh bulanan nu geus ditalungtik saméméhna.

5.3 Rékoméndasi

Sabada ngaréngsékeun panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi nu baris ditepikeun ku panalungtik. Kahiji, panalungtik miharep sangkan Tradisi Ngagédog dijadikeun warisan budaya hususna di Désa Parungséah, umumna pikeun lembaga-lembaga kebudayaan nu aya di Kabupatén Sukabumi sangkan teu leungit ku jaman. Liat ti éta, Tradisi Ngagédog miboga kontribusi pikeun ngurangan angka kalahiran sungsang. Panalungtik miharep lembaga-lembaga kabudayaan hususna perangkat Désa parungséah leuwih ngawanohkeun deui Tradisi Ngagédog ngaliwatan ieu skripsi. Kadua, pikeun masarakat nu maca ieu skripsi, dipiharep bisa neruskeun deui ieu informasi ngeunaan Tradisi Ngagédog sangkan masarakat nu lian wanoh kana ieu tradisi tur jadi salasahiji jalan ikhtiar pikeun awéwé nu keur ngandeg saupama nuju ngalaman posisi orokna sungsang. Katilu, masih réa kénéh tradisi di tatar Sunda nu masih teu acan kaguar, upamana tradisi nu aya patalina jeung daur hirup. Ku kituna, pikeun panalungtik nu salajengna dipiharep bisa ngaguar deui leuwih teleb ngeunaan tradisi-tradisi nu aya di tatar Sunda hususna nu aya patalina jeung daur hirup.